



UNIVERSITY OF UTAH  
SCHOOL OF MEDICINE

# DEKLARASYON DWA

PATISIPAN VOLONTÈ RECHÈCH LA

Tout moun genyen dwa. Chèchè yo nan Inivèsite Utah a vle ou konnen dwa ou yo.

Oumenm oswa moun pwòch ou an genyen dwa:

Pou yo kapab di ou poukisa y ap fè etid rechèch la.

Pou yo kapab di ou kisa k ap diferan nan swen regilye ou an ak kisa ki p ap chanje.

Pou yo kapab di ou risk ak efè segondè yo, ki genyen ladan nenpòt malèz.

Pou yo kapab di ou si genyen nenpòt avantaj pou ou paske ou te patisipe nan etid rechèch la ak ki avantaj yo ye.

Pou yo kapab di ou TOUT opsyon ou genyen ak risk ak avantaj yo.

Pou yo kapab di ou ki swen medikal ki disponib pou ou si ta genyen yon domaj oswa konplikasyon paske ou te patisipe nan etid rechèch la.

Pou pran tan w pou deside patisipasyon an bon pou ou.

Pou pran tan pou poze kesyon, anvan ak pandan etid rechèch la.

Pou chwazi pou PA patisipe nan etid rechèch la nenpòt lè.

Dwa ou genyen pou swen medikal la P AP afekte si ou deside pou pa patisipe nan etid rechèch la.

Pou pran desizyon san presyon oswa fòs.

Pou resevwa yon kopi fòmilè konsantman ki siyen epi ki genyen dat.



Si ou genyen nenpòt kesyon oswa enkyetid sou dwa ou yo, oswa dwa yon moun pwòch ou, tanpri kontakte doktè rechèch ou an.

Epitou ou kapab kontakte Komisyon Revizyon Enstitisyonèl Inivèsite Utah a (IRB) nan (801) 581-3655 oswa Defansè Patisipan Rechèch la nan (801) 581-3803.

